



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 18 desanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ RÈGLEMANTASYON MARIJUANA MEDIKAL

Plan global balanse gwo siveyans avèk konpasyon pou pasyan yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse piblikasyon règleman ki pwopoze pou pwogram marijuana medikal eta jan sa nesèsè dapre Lwa sou swen konpasyon. Règleman ki pwopoze yo se yon etap enpòtan nan direksyon pou fè marijuana medikal yon chwa tretman nan New York pou moun yo kap souffri de youn nan maladi feblès ki endike nan lwa a. Règleman sa yo bay yon estrikti konplè ki pral dirije tout aspè nan pwogram marijuana medikal la nan Eta New York.

“Jodia nou pran yon lòt etap nan direksyon pou bay yon soulajman ki pi nesèsè pou Nouyòkè yo kap viv avèk gwo doulè, pandan lap balanse bezwen pou sovgade sante ak sekirite jeneral piblik la,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Règleman ki pwopoze yo fèt avèk sa nan lespri nou, kidonk nou ka soulaje soufrans pou pasyan yo ki gen maladi grav pandan egalman nap asire ke yo distribye marijuana medikal ak administre responsableman.”

Règleman ki pwopoze yo egzije pou doktè ki te anrejistre avèk Depatman Sante Eta New York (DOH) emèt sètifika marijuana medikal ak resevwa fòmasyon ki apwouve pa DOH. Pasyan yo ki gen maladi medikal enpòtan ta sètifye pa doktè yo anvan yo aplike pou kat idantifikasyon rejis ki nesèsè pou resevwa marijuana medikal. Sètifikasyon yo pral valab pou yon lane. Pasyan yo egalman anmezi pou deziyen moun kap bay swen yo jwenn marijuana medikal pou yo si moun kap swen yo te aplike epi te apwouve pa DOH. Frè pou aplikasyon kat idantifikasyon rejis la ta \$50, men li ka egzante nan ka difikilte finansye.

Antite yo ki swete fabrike ak distribye marijuana medikal ta aplike nan DOH, bay plan detaye enfrastrikti ak operasyon yo, epi peye yon frè aplikasyon \$10,000 pou revizyon aplikasyon an. Aplikan yo chwazi pou youn nan senk Óganizasyon anrejistre ki gen lisans yo ta peye yon frè adisyonèl \$200,000 pou anrejistremant. Lisans òganizasyon ki anrejistre yo pral dire pou dezan. Óganizasyon ki anrejistre yo ta egzije pou kenbe etablisman separe pou fabrikasyon ak distribisyon marijuana medikal e yo ta reponn a gid sekirite strik.

Komisyonè DOH ta apwouve fòm ak sistèm livrezon kote yo te ka ofri marijuana medikal, eksepte fimen, sa yo pral entèdi. Chak òganizasyon ki anrejistre ta otorize premyèman pou pwodui jiska senk kalite pwodui marijuana medikal. Tès laboratwa endepandan yo ta verifye kontni cannabinoid pou asire konsistans. DOH ta apwouve pri ak nenpòt piblisite.

“Objektif nou se pou asire ke Nouyòkè yo gen aksè a tretman yo bezwen atravè yon pwosesis kontwole, règleman,” te deklare Komisyonè Sante pa entèrim Eta, Dr. Howard Zucker. “Kòm yon nivo sekirite ajoute, doktè yo dwe revize istwa sibstans kontwole pasyan yo nan baz done I-STOP anvan yo ka emèt yon sètifikasyon ak anvan yo ka distribye marijuana medikal.”

Pwogram Marijuana Medikal la pwopoze règleman ki pral pibliye nan rejis Eta New York nan dat 31 desam. Piblik la pral gen 45 jou pou l fè kòmantè sou règleman ki pwopoze yo. Wap jwenn yon kopi règleman ki pwopoze yo nan sitwèb Depatman sante nan http://www.health.ny.gov/regulations/medical_marijuana/docs/regulations.pdf. Wap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram marijuana medikal New York nan http://www.health.ny.gov/regulations/medical_marijuana/.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride